. . . . Rangarirai pamusoro pezvinhu izvi

Rumbidza Jehovha, Mweya wangu urege kukanganwa mikomborero yake; Iye unokukanganwira zvakaipa zvako zvose unoporesa zvirwere zvako zvose; unodzikunura upenyu bwako pakuparadzwa; unokuisa korona yevunyoro nengoni. *Mapisarema 103.2-4.*

**Kristu wakatidzikunura**

Free Presbyterian Church of Scotland, Zimbabwe Presbytery
9 Robertson Street, Parkview, Bulawayo, Zimbabwe
Tel. 09 62636 / 61902, Email fpchurch@mweb.co.zw, Fax 09 61902

Inzwa mweya wako ugorarama . . . .

Fungai Pamusoro Pezvinhu Izvi . . . .

# Rudzikunuro

. . . . Inzwai Inzwi Rashe

## Ndichavadzikunura parufu

Vose vakatadza vakasasvika pakubwinga kwaMwari. *VaRoma 3.23.*

Mweya unotadza ndiwo uchafa. *Ezekieri 18.20.*

Ngavaropafadzwe Mwari nababa vaShe wedu Jesu Kristu, wakatiropafadza nekuropafadza kose koMweya, kudenga munaKristu, sezvaakatisanangura maari nyika isati yavambwa, kuti tive vatsvene vasina mhosva pamberi pake murudo. Wakatitemera kare, kuti munaJesu Kristu tiitwe vanakomana vake sezvaakafadzwa pakuda kwake, Kuti Kunaka kukuru kwenyasha dzake dzaakangotipa hake muMudikanwa wake kurumbidzwe. Maari tine dzikunuro muropa rake, iko kukanganwirwa kwekudarika Kwedu mukuwanda kwenyasha dzake. *VaEfeso 1.3-7.*

Neropa rake chairo, kamwe chete, zvikapera, panzvimbo tsvene, akatiwanira rudzikunuro rusingaperi. *VaHebheru 9.12.*

Pakuzara kwenguva Mwari wakatuma Mwana komana wake, wakaberekwa nomukadzi, wakaberekwa pasi pomurairo, kuti adzikunure avo vakange vari pasi pomurairo, kuti tigamuchire vumwana bwedu. Nokuti muri vanakomana, Mwari wakatuma mweya womwanakomana wake mumoyo medu unodana achiti: Abha, Baba! saka iwe hauchiri muranda, asi mwanakomana, kana wava mwanakomana wava mudyi wenhaka naMwari muna Kristu. *VaGaratia 4.4-6.*

## Musatya nokuti ndakakudzikunurai